



Pou Piblikasyon Imedya: 08/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON ENSTALASYON SOLÈ NAN KONTE FRANKLIN

*Pwojè 100 megawat la ta dwe kreye plis pase 130 djòb ak alimante 16,500 kay*

*15 pwojè enèji renouvlab a gwo echèl ke ORES te apwouve depi 2021 pote 2.3 jigawat nouvo enèji pwòp nan eta a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Siting, ORES) Eta New York la te bay yon pèmi enplantasyon final pou Brookside Solar LLC, pou devlope, fè konsepsyon, konstwi, opere, kenbe, ak demantle yon enstalasyon solè 100 megawat nan Vil Burke ak Chateaugay, nan Konte Franklin. Yon fwa li fini, enstalasyon solè sa ta dwe jenere ase enèji pwòp pou alimante plis pase 16,500 kay nan New York epi redwi emisyon kabòn nan plis pase 131,000 tòn metrik, sa ki ekivalan ak retire apeprè 29,000 machin sou wout la. Enstalasyon solè sa a ta dwe kreye plis pase 130 djòb apentant pandan konstriksyon ak operasyon an.

"New York ap fè yon lòt pa an avan ankò pou bati yon ekonomi pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou bay pèmi enplantasyon final sa a, n ap kreye djòb, bay fanmi ak biznis New York enèji pwòp ak dirab, epi konstwi yon pi bon avni pou jenerasyon Nouyòkè k ap vini yo".

Anons jodi a make 15yèm gwo pèmi etablisman enèji renouvlab Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab (ORES) la te pibliye depi 2021. An total, 15 pèmi sa yo reprezante plis pase 2.3 jigawat nouvo enèji pwòp yo otorize. Siksè sa mete aksan sou lidèchip klimatik New York epi reflekte rit ki pi rapid pou apwobasyon enstalasyon enèji renouvlab nan listwa Eta a.

Pwojè sa yo dwe bay prèske 12.7 milyon dola nan 20 premye ane yo nan konte yo, vil yo ak distri lekòl yo nan fòm peman olye taks (Payments In Lieu Of Taxes, PILOT) ak akò kominote akèy pou envesti nan enfrastruktir, sèvis adisyonèl, ak resous pou rezidan yo nan kominote yo k ap resevwa chak etablisman.

ORES te mennen yon pwosesis revizyon atan, detaye ak transparan avèk yon pwosesis patisipasyon piblik solid pou asire etablisman yo pwopoze a satisfè oswa depase egzijans Seksyon 94-c Lwa Egzekitif la ak règleman aplikasyon li yo. Pwojè sa a se yon

lòt egzanj apwòch kolaborasyon Eta a pou pèmèt gwo enstalasyon enèji renouvlab ki vize rezoud pwoblèm lokal yo san yo pa bezwen jijman. Pandan pwojè sa a ap kontinye, ORES pral kontinye travay avèk minisipalite akèy yo ak pati ki konsène nan kominote a pou mennen pwojè a rive nan konstriksyon.

Ou kapab jwenn desizyon jodi a lè ou ale sou sitwèb biwo a nan <https://ores.ny.gov/permit-applications>.

**Houtan Moaveni, Direktè Egzekitif Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab Eta New York la, te deklare,** "Siksè pwosesis enplantasyon § 94-c la atribiye a anplwaye nan ORES la ak ajans Eta patnè li yo, ansanm ak tout moun ki gen enterè ki enplike yo ki gen ladan ofisyèl lokal yo, manm kominote a, gwoup anviwònmantral yo, sendika travayè yo ak endistri enèji pwòp ki dedye a bati yon New York ki pi pwòp ak pi rezistan. Pwosesis sa a kanpe kòm yon modèl regilasyon epi ak lidèchip kontinyèl Gouvènè Kathy Hochul, ORES rete byen pozisyone pou ede Eta a reyalize objektif klimatik li yo pandan l ap asire pwoteksyon solid nan resous natirèl ak kominote nou yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos, te deklare,** "Devlopman enèji solè ap bay plis elektrisite pwòp pou rezo elektrik eta a, li ranfòse efò pou satisfè egzijans ki etabli nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) pandan l ap kreye djòb vèt ki byen peye ki benefisye ekonomi New York la. Pwòp konstan pwojè enèji renouvlab Gouvènè Hochul ap kontinye fè avanse tranzisyon eta a pou kite konbistib fosil yo, diminye polisyon nan klima a epi amelyore kalite lè a".

**Anne Reynolds, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare,** "Sa a se yon mouvman gayan-gayan pou tout Nouyòkè yo, espesyalman moun ki nan Konte Franklin, epi nou bat bravo pou tout moun ki te ede rann anons sa a posib. Pwojè sa a pral non sèlman bay New York enèji renouvlab pwòp ki nesèsè anpil, men li pral bay benefis ekonomik reyèl ak tanjib ki pral amelyore lavi Nouyòkè North Country yo".

**Patrick McClellan, Direktè Règleman League of Conservation Voters New York la, te deklare,** "Pandansante popilasyon nou an ak planèt nou an kontinye ap soufri konsekans konbistib fosil yo boule, li enpòtan pou nou ogmante kapasite enèji renouvlab nou an a gwo echèl. Enplantasyon Brookdale Solar ak 100 megawat enèji pwòp li pral founi an se yon gwo etap nan direksyon pou atenn objektif CLCPA eta a ak yon gwo viktwa pou anviwònman an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Direktè ORES, Houtan Moaveni, pou angajman yo pran nan batay klimatik la epi asire New York se yon lidè nasyonal nan pwodiksyon enèji solè".

**Direktè Egzekitif Komite Aksyon sou Politik Sendika Travayè Eta New York la, Vincent Albanese, te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab la paske yo te byen egzamine epi akselere pèmi dènnye pwojè enèji renouvlab New York la - yon etablisman enèji solè dènnye modèl nan Konte

Franklin. Pwojè sa a pral kreye bon djòb sendika pou travayè konstriksyon lokal yo, epi pèmèt yo touche yon bon salè pou soutni fanmi yo. Pwomotè a, AES, gen yon istorik pwouve nan sipòte kominote yo bati nan yo, pandan l ap bay djòb karyè pou moun lokal yo. Sendika Travayè Eta New York la fyè pou l jwe yon wòl entegral nan konstwi avni enèji renouvlab New York".

**Direktè Devlopman AES, Josh Baird,** "Pwojè Solè Brookside se yon lòt gwo egzanp sou lidèchip ak angajman AES pou devlope yon fason responsab rezèv pwojè enèji renouvlab a gwo echèl li a nan New York. Nou apresye efò Gouvènè a ak Anplwaye ORES yo fè pou fè avanse pwojè enpòtan sa a. Emisyon pèmi enplantasyon an se yon etap konsiderab nan fè pwojè sa a vanse pi devan, epi nou pa ka tann pou nou wè anpil avantaj pwojè sa a pral pote pou kominote lokal la ak Eta a".

**Sipèvizè Vil Chateaugay la, Don. Bilow, te deklare,** "Vil Chateaugay kontan pou l sipòte Pwojè Solè Brookside la. Nou sipòte plan eta a pou ogmante rezèv enèji vèt ak diminye depandans nou sou gaz fosil. Pwojè renouvlab sa yo se fason ki kòrèk pou kòmanse ekilibre efè gaz a efè sè ak polisyon. Mwen rekonesan ke kèk nan lidè nou yo pran menas rechofman planèt la oserye".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)